# КЕРДЕР АЛЫМЛАРЫН ИЗЕРТЛЕЎДИҢ ДЕРЕКЛИК БАЗАСЫ

**Идрисов Абдураҳман**
*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими, Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институти, Нөкис қаласы*

Қарақалпақстан Республикасында көп алымлар жетисип шығыўы менен танылған аймақ болып, ол Кердер аты менен белгили. Илимий әдебиятларда аты аталатуғын Тәжуддин ал Кердерий, Шәмсул әиммә ал Кердерий, Бадруддин ал Кердерий, Маҳмуд ибн Әлий ал Кердерий, Ҳафизуддин ал Баззазийлер усы диярдан шыққан алымлардан.

Кердер аймағында орта әсирлерде жасаған алымлар ҳаққында тийкарынан араб тилиндеги «Тарожим» китапларынан мағлыўмат алсақ болады. Олардың айырымлары ҳаққында төменде айтып өтемиз.

Умар ибн Аҳмад ибн Адийм (1192-1262)ниң «Буғятут толаб фий тарийхи ҳалаб» (Ҳалаб тарийхы ҳаққында изленген мақсет) китабы. Бул китаптың 2794 бетиндеги Ҳусайн ибн Ҳибатуллаҳ ҳаққындағы мағлыўматта Тәжуддин ал Кердерийден Ҳалабта сабақ алғаны ҳаққында жазылған[1,416]. Бул китап Бейрут қаласында баспадан шығарылған.

Муҳаммад ибн Аҳмад аз Заҳабий (1274-1348)диң «Сияру Аъламун нубала» (Белгили алымлар сийраты) китабы. Бул китап 2004-жылы Ливанда баспадан шығарылған, 4683 беттен ибарат. Бул китапта Шәмсул әиммә Муҳаммад ибн Абдуссаттар ал Кердерий ҳаққында қысқаша мағлыўмат берилген[2,3491].

Абдулқодир ибн Муҳаммад ибн Муҳаммад ибн Насруллаҳ ибн Сәлим ибн Әбул Ўафа Қураший (1297-1374)диң «Ал Жәўҳәротул мудийяту фий тобәқотил ҳанафийя» (Ҳанафий уламалары табақасындағы нурлы жәўҳар) китабы. Бул китаптың биринши баспасы Саудия Арабстанында 1988-жылы шыққан, екинши баспасы 1993-жылы баспадан шыққан. 5 том, жәми 3423-беттен ибарат. Китаптың екинши томы 443-444 бетлеринде Тәжуддин Абдулғафур ибн Луқман ал Кердерий ҳаққында мағлыўмат келтирилген болып, ол кисиниң жүдә тақўалы болғанлығы айтылған.[3,444] Үшинши томы 228-230 бетлеринде Шәмсул әиммә Муҳаммад ибн Абдуссаттар ал Кердерий ҳаққында мағлыўмат берилген[230]. 362-363 бетлерде Бадруддин Муҳаммад ибн Маҳмуд Хоҳарзада ал Кердерий ҳаққында қысқаша мағлыўмат берилген[3,363].

Қасым ибн Қутлы Буға ас Судуний (1399-1474)дың «Тәжут тарожим» (Өмир баянлардың тажы) китабы. Бул китаптың бир неше атлары бар: 1. «Тәжут тәрожим фий мән соннәфә минәл ҳанафийяти»; 2. «Тәзкиротул уламаил ҳанафийяти мусоннифил кутубид динийяти»; 3. «Тәжут тәрожим фий табақотил ҳанафийяти». Бул китаптың тийкарғы аты «Тәжут тәрожим» болса да бундай ҳәр түрли болып аталыўы нусқа көшириўшилер менен байланыслы. 1992-жылы Бейрут қаласында баспадан шығарылған. Жәми 568-беттен ибарат. Бул китаптың 194-195 бетлеринде 148-сан астында Тәжуддин Кердерий ҳаққында қысқаша мағлыўмат берилген[4,195]. 267-268 бетлеринде 244-сан астында Шәмсул әимма Кердерий ҳаққында мағлыўмат берилген[4,268]. 354-бетинде 348-сан астында Ҳафизуддин Кердерий ҳаққында мағлыўматлар берилген[4,354].

Аҳмад ибн Мустафа ибн Холийл Әбул Хойр, Исомуддин Ташкөпирзада (1495-1561)ның «Шақоиқун нуъмания» (Нуъманий туўысқанлар) китабы. Китаптың толық аты «Зәйлуш шақоиқин нуъмания фий уламаид дәўләтил усмания», мәниси («Усманий мәмлекетиндеги уламалар ҳаққында нуъманий туўысқанлар»дың даўамы). Бул китап 2007-жылы Қаҳира қаласының «Дәрул ҳидая» баспаханасынан ҳәм Бейруттағы «Дәрул кутубил арабия» баспаханасынан шығарылған. Бул китаптың екинши бөлиминниң екинши санында Тәжуддин Абдулғафуўр ибн Луқман ал Кердерий ҳаққында қызықлы мағлыўматлар келтирилген. Төртинши бөлимниң үшинши санында Ҳафизуддин Муҳаммад ибн Муҳаммад ал Кердерий ҳаққында мағлыўмат жазылған[5,261].

Мустафа ибн Абдуллаҳ ҳажы Халийфа (1609-1657)ның «Кашфуз зунуўн» (Гүманлы пикирлерди ашыў) китабы. 1941-жылы Бағдад қаласындағы «Дәрул улумил илмия» баспаханасында шыққан нусқасы 2 том 2054 беттен ибарат. 1-томының 81-бетинде Тәжуддин Абдулғаффар ибн Луқман ибн ал Ҳанафийдиң «Усулул Кердерий» китабы бар екени[6,81], 1-том 333-бетте Шәмсул әиммә Кердерийдиң «Тәьсийсул қоўаид» китабы бар екени[6,333], 2-том 1229-бетинде Ҳафизуддин Муҳаммад ибн Муҳаммад ал Кердерийдиң «Фәтәўаи Кердерия» китабы бар екени[6,1229], 2-том 1023-бетте Шәмсул әиммә Исмайыл ибн Маҳмуд ибн Муҳаммад ал Кердерийдиң «Әш Шәфий» деген китабы бар екени[6,1023], 1-том 562-бетинде Тәжуддин Абдулғоффар ибн Луқман ал Кердерийдиң «Шарҳи жәмиъус сағийр», деген китабы бар екени[6,562], 2-том 1632-бетинде Шәмсул әиммә Кердерийдиң «Шарҳи мушкилатил Қудурий» [6,1632], дегени китабы бар екени жазылған.

Абдулҳай ибн Аҳмад ибн Муҳаммад ибн Имад Икрий (1623-1679)дың «Шәзәротуз зәҳәб» китабы. Китаптың толық аты «Шәзәротуз зәҳәби фий ахбари мән зәҳәб» (Өткенлердиң хабарлары ҳаққында алтынның зәррешелери). Бул китап 1986-1993-жыллар арасында Бейрут қаласында баспадан шыққан. 7-том 376-бетинде 643-жылғы ўақыялар ишине Шәмсул әиммә Кердерий ҳаққында[7,376], 7-том 442-бетте 752-жылғы ўақыялар ишинде Бадруддин Муҳаммад ибн Маҳмуд ал Кердерий ҳаққында мағлыўматлар[7,442] берилген.

Абдулҳай ибн Абдулҳалийм ибн Әмийнуллаҳ ибн Муҳаммад әкбар (1848-1887)Лакнаўийдиң «Ал Фаўаидул бәҳийя» китабы. Китаптың толық аты «Китәбул фәўәидул бәҳийяти фий тәрожимул ҳанафийя» (Ҳанафий уламалардың өмир баяны ҳаққында әжайып пайдалар китабы). Бул китап ҳижрий 1324-жылы Мысырда баспадан шығарылған. Китап жәми 262 беттен ибарат. Ҳанафий уламаларынан бес жүз он бес уламаның өмир баяны келтирилген. Китаптың 98-99 бетлеринде Тәжуддин Әбул Мәфәхир Абдулғофуўр ибн Луқман ал Кердерий ҳаққында[8,99], 172-бетинде Насируддин Муҳаммад ибн Шиҳаб ал Кердерий ҳаққында[8,172], 176-177-бетлеринде Шәмсул әиммә Муҳаммад ибн Абдуссаттар ал Кердерий ҳаққында[8,177], 187-188-бетлеринде Ҳафизуддин Муҳаммад ибн Муҳаммад ибн Шиҳаб ал Кердерий ҳаққында[8,188], 200-201-бетлеринде Бадруддин Муҳаммад ибн Маҳмуд ал Кердерий ҳаққында[8,201] мағлыўматлар берилген.

Исмайыл Пашша Бағдадийдиң «Ҳәдийятул ъарифийн» китабы. Китаптың толық аты «Ҳәдийятул ъарифийн әсмәул муъаллифийн ўә әсәрул мусоннифийн» (Мусаннифлердиң китаплары хәм авторлардың исмлеринен болған арифлердиң саўғасы). Бул китап 1951-жылы Истамбул қаласында баспадан шыққан. Китап 2 томнан ибарат болып, биринши том 1006 бет, екинши том 678 бет. 1-том 587-бетинде Тәжуддин Абдулғофуўр ибн Луқман ал Кердерий ҳаққында[9,587], 2-том, 122-бетте Шәмсуд әимма Муҳаммад ибн Абдуссаттар ал Кердерий ҳаққында[9,122], 2-том 185-бетте Ҳафизуддин Муҳаммад ибн Муҳаммад ал Баззазий ал Кердерий ҳаққында[9,185], 2-том 125-бетте Бадруддин Муҳаммад ибн Маҳмуд ал Кердерий ҳаққында [9,125] мағлыўмат келтирилген.

Ҳажы Ҳалифаның және бир китабы «Сулләмул ўусуўл илә тобәқотил фуҳуўл» (Уллы табақатларға жеткериўши текше). Бул китапта көпшилик кердерийлер ҳаққында мағлыўматлар келген. 3-том 236-бетинде 4545-сан астында Ҳафизуддин Муҳаммад ал Кердерий ҳаққында[10,236], 3-том 174-бетте 4268-сан астында Шәмсул әимма Муҳаммад ибн Абдуссаттар ал Кердерий ҳаққында[10,174], мағлыўматлар келтирилген.

Абдуллаҳ ибн Маҳмуд ал Бухарий (миләдий 15-әсир) диң «Тарийхы Моллазада» китабы. Бул китаптың көп нусқалары болып, китап аты түрлише айтылған. «Китабу Моллазада», «Тарийхи Моллазада», «Рисалаи фузалаи Бухара», «Рисалаи Моллазада», «Китаби манақиби мазарати Бахараи шарийф», «Китаби Моллазадаи Бухара», «Тәзкираи Шуйухи Бухара», «Тарийхи бузругони Бухара» ҳәм басқа да атлар менен аталған[11,7]. Бул китап миләдий 14 әсир ақыры 15 әсир басларында жазылған. Бул китап парсы тилинде жазылған болып, 2009-жылы Шадман Ваҳидов тәрепинен өзбек тилине аўдарылып, «Янги аср авлоди» баспаханасынан шығарылды. Усы китаптың 45-бетинде, 50-бетинде, 66-бетинде Шәмсул әиммә Кердерий ҳаққында мағлыўматлар бар[11,66], 50-бетинде Бадруддиин Кердерий ҳаққында мағлыўмат бар[11,50].

Буннан басқа да биз көрген алымлардың өмир баянлары, қылған ислери, китаплары ҳаққында жазылған мыңлаған «Тарожим» китаплар бар, буларды үйрениў ҳәм кең жәмийетшиликке жеткериў дерек таныўшы алымлардың алдына қойылған үлкен ўазыйпалардан.

**Пайдаланылған дерек ҳәм әдебиятлар:**

1. Ибн Адийм «Буғятут толаб фи тарийхи Ҳалаб», Бейрут, «Дәрул фикр», 2008-жыл, 416-бет.
2. Муҳаммад ибн Аҳмад аз Заҳабий «Сияру Аъламун нубала», «Муассасатур рисала», 1985-жыл.
3. Абдулқәдир ибн Муҳаммад ал Қураший, «Жәўҳаратул мудийя», Рияз, «Дәрул иҳяил кутубил арабия», 1988-жыл,
4. Ибн Қутлу Буға «Тәжут тарожим», Бейрут, «Дәрул қолам», 1992-жыл
5. Аҳмад ибн Мустафа Ташкөпирзада «Шақоиқун нуъмания», Қаҳира, Дәрул ҳидая, 2000-жыл.
6. Ҳажы Халийфа «Кашфуз зунуўн», Бейрут, «Дәру иҳяут туросил арабий», 1999-жыл.
7. Абдулҳай ибн Аҳмад Ал Акрий, «Шазаротуз заҳаби фий ахбори ман заҳаб» Дарул Ибн Кәсийр, Байрут, 1406 ҳ. ж. (1986)
8. Абдулҳай Ләкнаўий «Ал Фаўаидул бәҳийя», Саадат баспаханасы, Мысыр, 1324 ҳ. (1906)
9. Исмаил ибн Муҳаммад ал Бағдадий, «Ҳидаятул арифийн», «Дару иҳяут турос», Байрут, 2017-ж.
10. Мустафа ибн Абдуллаҳ ал Усманий «Сулламул ўусул ила тобақотил фуҳул», Истамбул, «Мәктабату Ирсика», 2010-жыл.
11. Абдуллаҳ ибн Маҳмуд ал Бухарийдиң «Тарийхи Моллазада» Ташкент, «Янги аср авлоди», 2009-ж